

LWA ETA + FEDERAL

Imigran Queer ak Transjan (QT), ki san papye yo, gen dwa legal pou yo itilize anpil sèvis publik nan California

Lwa Eta ak Lwa Federal yo pwoteje konfidansyalite enfòmasyon w yo

Lè w itilize Medi-Cal li ra pou li afekte, oswa li prèske pa janm afekte estati imigrasyon ou. ➤ Eskane kòd QR la pou plis detay.

RAPÈL ENPÒTAN

Renouvre Medi-Cal ou chak 12 mwa pou kenbe plan swen sante w la aktif

Lè w depoze yon plent, sa ede amelyore swen sante w ak swen sante pou lòt moun QT yo. Ou p ap penalize poutèt ou depoze yon plent--li gratis e li pwoteje legalman.

LWA CALIFORNIA

APATI 1YE JANVYE 2024
**ESTATI IMIGRASYON
PA ENPÒTAN**
POU JWENN MEDI-CAL

ESKANE KÒD QR LA POU JWENN PLIS RESOUS



KI LANSE GRAS AK



*QUEER + TRANSJAN (QT): YO ITILIZE TÈM SEKSYALITE + SÈKS YO POU DEKRI PI GWO KOMINOTE LGBTQIA2S+ YO

SANTE

IMIGRAN KI QUEER AK TRANSJAN NAN CALIFORNIA



2024

ENSKRI NAN MEDI-CAL,
JWENN AKSÈ AK SÈVIS
YO EPI DEPOZE PLENT

ELIJIBILITE POU ANE 2024 LA

ESTATI IMIGRASYON PA ENPÒTAN

Ou kalife pou Medi-Cal si:

- w ap viv nan California
- ou satisfè kritè kalifikasyon pou revni fwaye yo

Utilize tablo kalifikasyon revni ki anba a pou wè si ou menm ak fanmi ou kalife:

Kantite Moun ki nan Kay la	Nivo Povrete 138%
1	\$20,783
2	\$28,208
3	\$35,632
4	\$43,056
5	\$50,481
6	\$57,905
7	\$65,330
8	\$72,754

- Egzijans pou elijibilite revni yo differan pou timoun, moun ki ansent ak moun ki gen andikap

PWOSESIS ENSKRIPSYON AN

1. RASANBLE DOKIMAN OU YO

- Idantifikasiyon: lisans chofè oswa pyès idantifikasiyon (ID) ki gen foto--paspò, pyès idantite lekòl la, dosye maryaj, badj travay, yon idantifikasiyon ke gouvènman peyi ou bay
- Prèv Revni: souch chèk, relve kont labank oswa deklarasyon alekri
- Prèv Adrès: bòdwo telefòn oswa bòdwo elektrisite--moun ki sanzabri yo kalife tou

2. RANPLI APLIKASYON AN

- Enskri pa TELEFÒN: (800) 300-1506
- Enskri sou ENTÈNÈT: BenefitsCal.com
- Enskri ANPÈSÒN:

- Eskane kòd QR ki nan paj dèyè a pou enskri anpèsòn + jwenn èd toupre w la

3. TANN NOTIFIKASYON APLIKASYON AN

- Tan datant, pa plis pase 45 jou
- Si yo apwouve w, enskri pou jwenn sèvis yo
- Si yo refize w, depoze yon demann pou ale ann apèl

SÈVIS MEDI-CAL YO

SÈVIS + OPERASYON POU TRETE DISFORI YO NESESÈ POU REZON MEDIKAL, PA POU REZON ESTETIK

- Anlèvman / Ogmantasyon Pwatrin
- Feminizasyon / Maskilinizasyon Vizaj
- Razaj Trache
- Antrènman / Terapi Vokal
- Operasyon Vokal
- Restorasyon Cheve
- Epilasyon avèk Lazè, Elektwoliz

DEPOZE YON PLENT

DEPOZE YON PLENT SE YON BAGAY KI EFIKAS E KI FÈ PATI PWOSESIS SWEN SANTE QT A

Konteste refi pou jwenn swen sante ou bezwen an, ki nesesè pou rezon medikal yo.

1. KREYE YON PLENT KI SOLID

- Fè yon doktè ba ou yon lèt ki di ke pwosedi a nesesè pou rezon medikal, ak dokiman ki sipòte plent ou a
- Revize Prèv Kouvèti a pou idantifye rezon ki fè ou panse yo kouvri yon sèvis

2. DEPOZE YON PLENT AK PLAN MEDIKAL LA

- Jwenn nimewo telefòn yo a sou do Kat Medikal ou a
- Eksplike ka w la ak ijans lan
- Tounen rele yo souvan pou akselere pwosesis la

3. DEPOZE YON DEMANN POU ALE ANN APÈL AK DEPATMAN SWEN SANTE JERE CALIFORNIA (CALIFORNIA DEPARTMENT OF MANAGED HEALTH CARE)

- Si Plan Medikal la refize reklamasyon w lan, rele (888) 466-2219 oswa vizite dmhc.ca.gov (Fòm pou Plent IMR la) pou depoze yon demann pou ale ann apèl
- Eksplike ka w la epi rele souvan

SÈVIS SWEN SANTE POU AFIMASYON SÈKS

- Preskripsyon Medikaman:
 - òmòn
 - inibitè testostewòn
 - sipresyon pibète

- Eskane kòd QR ki nan paj dèyè a pou wè yon lis ki gen tout sèvis Medi-Cal yo

- Remodlaj Kò

- Isterektomi, Faloplasti, ak Metoyidyoiplasti

- Òkidektomi ak Vajinoplasti

- Si yo refize w yon sèvis ki nan lis la, swiv etap yo ki anwo a pou depoze yon plent solid